# PEDAGOGIKALIQ ISKERLIKTE SOCIALLIQ JUWAPKERSHILIK HÁM KÁSIPLIK ETIKA.

**Elmuratova Ulbosın Xojabaevna**
*Nókis qalası 36- sanlı mekteptiń tariyx páni oqıtıwshısı*

**Annotaciya:** *Bul maqalada pedagogikalıq jumıstıń jámiyetlik juwapkershilik hám kásiplik etika kózqarasınan áhmiyeti talqılanadı. Oqıtıwshı xızmetiniń jámiyettegi ornın belgileytuǵın tiykarǵı ólshemlerden biri - onıń kásiplik juwapkershiligi hám ádep-ikramlılıq mádeniyatı bolıp esaplanadı. Maqalada pedagogtıń etikalıq júris-turısı, jámiyetlik parızı, oqıwshı shaxsına bolǵan qatnası hám oqıtıw procesindegiádep-ikramlılıq hám adamgershilik principleri sáwlelendirilgen. Sonday-aq, házirgi zaman bilimlendiriw sistemasında kásiplik etikalıq normalardı saqlawdıń áhmiyetliligi hám oqıtıwshınıń jámiyetlik missiyasına ayrıqsha dıqqat awdarılǵan.*

**Tayanish sózler:** *pedagogikalıq iskerlik, jámiyetlik juwapkershilik, kásiplik etika, muǵallim, pedagogikalıq mádeniyat, ádep-ikramlılıq, ruwxıylıq, pedagogikalıq minnet, insanpárwarlik, tárbiya.*

## KIRISIW

Pedagog - jámiyettegi eń juwapkershilikli hám abıraylı kásip iyeleri qatarında esaplanadı. Sebebi oqıtıwshı tek bilim beriwshi emes, al shaxstı qáliplestiriwshi, jámiyettiń ruwxıy kelbetin belgileytuǵın jámiyetlik belsendi shaxs bolıp tabıladı. Bilimlendiriw sistemasınıń nátiyjeliligi, eń aldı menen, oqıtıwshınıń kásiplik sheberligi hám onıń etikalıq qádiriyatlarǵa bolǵan qatnasına baylanıslı.

Pedagogikalıq xızmette jámiyetlik juwapkershilik degende oqıtıwshınıń óz xızmeti arqalı jámiyet aldındaǵı parızın ańlawı, jas áwladtı watansúyer, ruwxıy jetik hám ádep-ikramlı insan etip tárbiyalawdaǵı wazıypasın shın júrekten orınlawı túsiniledi.

Kásiplik etika bolsa pedagogtıń júris-turısı, sóylesiw mádeniyatı, oqıwshılar hám kásiplesler menen qatnasındaǵı ruwxıy ólshemlerdi belgileydi. Házirgi zaman bilimlendiriw sistemasında bul eki túsinik - jámiyetlik juwapkershilik hám kásiplik etika - oqıtıwshınıń jeke hám kásiplik kemaliskelikke jetiwin támiyinlewshi tiykarǵı shártlerden biri esaplanadı.

Pedagogikalıq xızmette sociallıq juwapkershiliktiń manisi

Sociallıq juwapkershilik - bul adamnıń jámiyet aldındaǵı parızın ańlaw hám onı ámelge asırıw qábileti. Pedagog ushın bul túsinik jáne de keńirek

mániske iye, sebebi ol keleshek áwlad sana-sezimine tásir etiwshi shaxs sıpatında jámiyettiń ruwxıy potencialın belgileydi.

Oqıtıwshınıń sociallıq juwapkershiligi tómendegilerdi qamtıydı:

• tálim-tárbiya processinde ádalat hám insaplılıqtı saqlaw;

• hár bir oqıwshıǵa birdey qatnasta bolıw;

• jámiyette ruwxıy turaqlılıq hám salamat ortalıqtı qáliplestiriwge úles qosıw;

• jaslarda puqaralıq juwapkershilik, watansúyiwshilik hám miyrim-shápáát sezimlerın tárbiyalaw.

Solay etip, pedagogtıń sociallıq juwapkershiligi - bul onıń jeke isenmi, kásiplik parızı hám jámiyet aldındaǵı wazıypasınıń úylesimliligi nátiyjesı bolıp tabıladı.

Kásiplik etika - pedagogtıń jeke hám kásiplik kelbetin belgileytuǵın faktor

Kásiplik etika - bul muǵallimniń xızmetinde ádep-ikramlılıq normalarına ámel etiw sisteması. Ol bilim beriw processinde qarım-qatnas mádeniyatı, juwapkershilik, húrmet, adamgershilik hám insanıy qádiriyatlarǵa tiykarlanǵan halda kórinedi.

Pedagogtıń kásiplik etikası tómendegi tiykarǵı principlerge súyenedi:

Ádalat - hár bir oqıwshıǵa qalıs hám birdey múnásibette bolıw.

Adamgershilik - oqıwshınıń jeke qádir-qımbatın húrmet etiw.

Juwapkershilik - bilim beriw processinde óz wazıypasın hújdanlı túrde orınlaw.

Miyrim hám sabır-taqat - oqıwshı menen qarım-qatnasta psixologiyalıq mádeniyattı saqlaw.

Jasırınlıq hám isenim - oqıwshı shaxsına tiyisli maǵlıwmatlar menen abaylılıq penen islesiw.

Kásiplik etika - bul tek qaǵıydalar jıyındısı emes, al muǵallimniń ishki dúnyası, onıń ruwxıy pazıyletleri hám kásipke sadıqlıǵınıń aynası bolıp tabıladı.

Zamanagóy bilim beriw sistemasında etikalıq mádeniyat hám sociallıq juwapkershiliktiń óz-ara baylanıslılıǵı

Zamanagóy pedagogikada "etikalıq mádeniyat" hám "sociallıq juwapkershilik" túsinikleri bir-biri menen tıǵız baylanıslı. Etikalıq mádeniyatı joqarı bolǵan pedagog jámiyet aldındaǵı parızın tereńańlaydı hám bilim beriw processinde adamgershilikke tiykarlanadı.

Búgingi kúnde maǵlıwmat texnologiyaları, sociallıq tarmaqlar hám global qarım-qatnas jaǵdayında pedagogtıń ádep-ikramlılıǵı hám sociallıq juwapkershiligi jáne de úlken áhmiyetke iye bolmaqta.

Muǵallim tek ǵana klassta emes, al jámiyette de úlgi bolıwı kerek.

Sonıń ushın pedagog kadrlar tayarlaw processinde kásiplik etika, pedagogikalıq ádep hám ádep-ikramlılıq juwapkershilik máseleleri ózgeshe oqıw modulleri sıpatında endiriliwi zárúr.

Oqıtıwshınıń sociallıq hám kásiplik minneti - jas áwladtı insanpárwarlik ruwxında tárbiyalaw

Oqıtıwshı jámiyette mánawiyat qorǵawshısı sıpatında xızmet etedi. Onıń minneti tek bilim beriw emes, al insan tárbiyalaw. Bul bolsa úlken juwapkershilik hám joqarı ádep-ikramlılıqtı talap etedi.

Pedagogtıń hár bir háreketi, sózi hám qatnası oqıwshı sana-seziminde iz qaldıradı. Sonıń ushın muǵallim bárqulla óz júris-turısın qadaǵalap, sociallıq ideal shaxs sıpatında úlgi bolıwı shárt.

**JUWMAQ**

Pedagogikalıq xızmette sociallıq juwapkershilik hám kásiplik etika óz ara tıǵız baylanıslı bolıp, bilimlendiriw procesiniń nátiyjeliligi hám ruwxıy ortalıǵın belgileydi. Etikalıq mádeniyatı joqarı bolǵan muǵallim jámiette isenimge erisedi, jaslarda bolsa insanıy pazıyletlerdi qáliplestiredi.

Sonlıqtan, házirgi zaman bilimlendiriw sistemasında oqıtıwshılardıń kásiplik etikasın arttırıw, olardıń sociallıq minneti hám juwapkershiligin bekkemlew pedagogikalıq siyasattıń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolıp qalmaqta.

Bilimlendiriw sapası tek ǵana usıl hám texnologiyalar menen emes, al muǵallimniń ádepliligi, insanıy kelbeti hám juwapkershilik sezimi menen belgilenedi.

## PAYDALANILĞAN ÁDEBIYATLAR:

1. В. И. Писаренко, И. Я. Писаренко — Педагогическая этика — 1977.
2. Т. М. Зуева — Педагогическая этика: методические рекомендации к практическим занятиям — 2019.
3. Т. Г. Неретина — Профессиональная этика педагога — 2020.
4. Н. Егамбердиева — Ижтимоий педагогика — 2009.